

## BAB I

### BUBUKA

#### 1.1. Kasang Tukang Masalah

Modél pangajaran mangrupa hiji aspék penting pikeun guru dina nepikeun bahan ajar ka siswa hususna di jero kelas. Modél pangajaran mangrupa pedoman pikeun guru jeung siswa dina ngalaksanakeun prosés diajar-ngajar. Nurutkeun Joyce, Weil, jeung Calhoun dina Sudaryat (2007: 74) Modél pangajaran nya éta déskripsi lingkungan ajar, nu bisa digunakeun salaku rancangan kurikulum, kursus, atawa pangajaran pikeun milih bahan ajar, program multimedia, sarta ngabimbing tindakan guru di kelas.

Ari nurutkeun Kemp (1977) dina Rahman, 2009: 7) nyebutkeun yén modél pangajaran mangrupa hiji rarancang pangajaran (*desain instrucional*) nu dipaké dina nangtukeun maksud jeung tujuan tiap topik/poko bahasan (*goals topics, and purposes*), nganalisa karakteristik nu diajar (*learner characteristics*), nyusun tujuan *instruksional* husus (*learning objectives*), milih eusi pangajaran (*subjectcontent*), migawé *prates* (*preassesment*), migawé kagiatan diajar-ngajar/sumber pangajaran (*teaching learning activities/resources*), ngayakeun pelayanan (*suport service*), ngalaksanakeun evaluasi (*evaluation*), jeung nyieun revisi.

Modél pangajaran téh loba pisan jenisna anu bisa dipaké pikeun nepikeun pangajaran, salahsijina nya éta modél *Strategi Modeling Berbasis Teks*. Ieu modél penting pisan pikeun ngaronjatkeun kamampuh akademik siswa. Rahman jeung Sudaryat (2009: 131) nyebutkeun yén *Strategi Modeling Berbasis Teks* téh mangrupa salahsiji stratégi pangajaran nu cocok pikeun pangajaran nyarita. Kauggulan ieu stratégi pangajaran nya éta siswa neuleuman langsung masalahna sarta ngungkuluan masalahna ngaliwatan diskusi. Sudaryat (2007: 99) nyebutkeun yén SMBT masih kénéh kaasup kana komponén *Contekstual Teaching Lerning* (CTL) ieu téh ngondisikeun

pangajaran ku cara ngasongkeun modélu bisa dijadikeun patokan. Modélu ieu pas pisan pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngawawancara siswa.

Nyarita mangrupa salahahiji dina opat kaparigelan basa. Nyarita mangrupa salahahiji sarana dina nepikeun hiji maksud ti hiji pihak ka pihak lianna. Ku kituna, nyarita ngabutuhkeun aturan-aturan dina segi cara pengucapanna, *pelafalan*, *intosi* jeung kudu luyu ogé kana tata basana, sangkan naon nu rék ditepikeun bisa katarima sacara bener tur merenah ku pangregep.

Tarigan (1990: 15) nétélakeun yén nyarita téh mangrupa kamampuh ngucapkeun sora-sora atawa kecap-kecap pikeun ngébréhkeunkeun, nétélakeun sarta nepikeun pikiran, gagasan jeung pangrasa. Ari nurutkeun Arsjad (1987:17) nyarita nya éta sakabéh kagiatan nu ku urang dipigawe dina ngahasilkeun sora basa, nu ngawengku *artikulasi*, nya éta kumaha posisi pakakas ngomong, saperti létah, huntu, biwir, jeung lalangit dina waktu urang ngawangun sora vokal atawa konsonan.

Wawancara atawa ngawawancara nya éta salahahiji materi pangajaran dina kaparigelan nyarita, wawancara mangrupa kagiatan dua arah atawa *dialog* ti hiji pihak ka pihak séjén

Masalah nu sok aya dina ngawawancara nya éta cara ngagunakeun kabeungharan kecap nu bener tur merenah jeung kumaha cara ngagunakeun undak-usuk basa Sundana. Sabab mangsa kiwari loba siswa nu ngawawancara geus teu ngagunakeun basa Sunda nu bener tur leuwih kana basa nu kasar. Komo anu rék diwawancara téh leuwih kolot ti maranéhna. Ieu hal bisa kajadian lantaran siswa teu miboga élmu pangaweruh jeung kaparigelan dina ngawawacara. Salian ti éta siswa teu dibiasakeun ngomong atawa *komunikasi* maké basa Sunda nu bener tur luyu jeung undak-usukna.

Tujuan nu paling utama dina nyarita nya éta pikeun *komunikasi*. Nyarita kabagi kana macem-macem wangun, nya éta wangun *monolog* jeung wangun *dialog* (paguneman). Anu kaasup kana wangun *monolog* nya éta biantara, dongéng, *déklarasi*, jeung ceramah. Sedengkeun salahahiji wangun *dialog* nya éta wawancara.

Dina wawancara aya nu disebut nu nanya jeung *narasumber*. Nu nanya nya éta hiji jalma atawa leuwih nu nanyakeun hiji hal ka narasumber sangkan meunang hiji *informasi* nu ditéang atawa nu can dipikanyaho. Sedengkeun *narasumber* nya éta hiji jalma atawa leuwih nu dibéré patarosan sacara terus-terusan ku nu nanya sangkan bisa méré *informasi* nu ku manéhna kacangkem tur bisa dijelaskeun sacara gembleng ka nu nanya.

Pangajaran wawancara téh mangrupa salasahiji matéri nu aya dina pangajaran basa Sunda di SMP kelas VIII. Wawancara téh mangrupa salasahiji bagéan tina pangajaran nyarita, nu pungsina penting ogé pikeun hirup kumbuh masarakat ayeuna. Wawancara gé bisa ngalatih siswa sangkan bisa wani dina ngébréhkeun hiji patarosan atawa nyarita ka jalma anu réa.

Aya dua hal patali jeung palungtikan, nya éta panalungtikan pangajaran wawancara jeung SMBT. *Nerapkeun Téhnik Sosiodrama pikeun Ngaronjatkeun kamampuh Ngawawancara Siswa (Panalungtikan Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII SMPN 5 Cimahi)* anu disusun dina wangun skripsi dina taun 2010 ku Darajat, aya deui panalungtikan nu judulna *Strategi Modéling Berbasis Téks* nya éta *Strategi Modéling Berbasis Téks (SMBT) dalam Peningkatan Kompetensi Menulis Bahasa Indonesia (Studi tentang Pembelajaran Menulis Ésai pada Siswa YAS Kota Bandung)* anu disusun dina wangun disertasi dina taun 2007 ku Sudaryat, Aya deui panalungtikan nu judulna *Éfektivitas Strategi Modeling Berbasis Teks (SMBT) pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Surat Resmi Basa Sunda (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa kelas VIII A SMP Laboratorium-Percontohan UPI Taun 2010/2011)* anu disusun dina wangun skripsi dina taun 2011 ku Lestari, Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah UPI. Anu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan Sudaryat sarta Lestari téh nya éta aya dina bahanna. Bahan nu digunakeun ku Sudaryat dina panalungtikanana nya éta téks karangan ésay. Bahan nu digunakeun Lestari dina panalungtikanana nya éta surat resmi basa Sunda. Ari bahan dina ieu panalungtikan mah nya éta wawancara. Ku kituna, dumasar kana hal-hal anu geus dipedar di luhur, panalungtikan nu judulna “*Strategi Modeling Berbasis Teks (SMBT)* pikeun

Ngaronjatkeun Kamampuh Ngawawancara (Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas VIII SMP Pasundan 4 Bandung Taun Ajaran 2013-2014)” perlu dilaksanakeun.

## **1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1. Watesan Masalah**

Stratégi pangajaran téh réa pisan nu bisa dipaké ku guru dina prosés pangajaran basa Sunda nu hususna kana pangajaran nyarita. Tapi ku sabab kawatesan ti diri panalungtik jeung sangkan ieu panalungtikan teu lega teuing ambahanna, ieu panalungtikan téh diwatesanan nya éta ngeunaan *Strategi Modeling Berbasis Teks* (SMBT) pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Ngawawancara (Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas VIII SMP Pasundan 4 Bandung Taun Ajaran 2013-2014) ditilik dina milih judul, ngalarapkeun struktur nyarita dina ngawawancara sarta kamampuh makéna basana.

### **1.2.2. Rumusan Masalah**

Dumasar kana watesan masalah di luhur, aya sababaraha hal anu kudu ditalungtik. Éta masalah téh bisa dirumuskeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh ngawawancara siswa kelas VIII A SMP Pasundan 4 Bandung Taun Ajaran 2013-2014 saacan ngagunakeun SMBT?
- 2) Kumaha kamampuh ngawawancara siswa kelas VIII A SMP Pasundan 4 Bandung Taun Ajaran 2013-2014 sanggeus ngagunakeun SMBT?
- 3) Naha SMBT bisa ngaronjatkeun kamampuh ngawawancara Siswa Kelas VIII A SMP Pasundan 4 Bandung Taun Ajaran 2013-2014?

## **1.3. Tujuan Panalungtikan**

### **1.3.1. Tujuan Umum**

Sacara umum ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun méré salasahiji *alternatif* pikeun ngaronjatkeun *kualitas* kagiatan pangajaran basa

Sunda di sakola ngaliwatan *Strategi Modeling Berbasis Teks* (SMBT) pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina ngawawancara.

### **1.3.2. Tujuan Husus**

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeyun:

- 1) pangaweruh jeung kamampuh ngawawancara siswa kelas VIII A SMP Pasundan 4 Bandung Taun Ajaran 2013-2014 saacan ngagunakeun SMBT;
- 2) pangaweruh jeung kamampuh ngawawancara siswa kelas VIII A SMP Pasundan 4 Bandung Taun Ajaran 2013-2014 sanggeus ngagunakeun SMBT; jeung
- 3) ngaronjatna kamampuh ngawawancara ka Siswa Kelas VIII A SMP Pasundan 4 Bandung Taun Ajaran 2013-2014 ngagunakeun modél SMBT.

### **1.4. Mangpaat Panalungtikan**

Hasil ieu panalungtikan dipiharep mibanda mangpaat, ieu mangpaat bisa dibagi jadi dua bagian.

#### **1.4.1. Mangpaat Tioritis**

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan téh nya éta sangkan bisa méré sumbangan pamikiran kana kamekaran tiori dina widang atikan, hususna dina widang *strategi* pangajaran nu *éfektif* pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina ngawawancara.

#### **1.4.2. Mangpaat Praktis**

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Pikeun Guru

Ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi *alternatif* pikeun modél pangajaran nyarita, hususna ngawawancara.

2) Pikeun Siswa

Ieu panalungtikan bisa nambahann pangalaman siswa dina pangajaran nyarita, sarta apal kana stuktur ngawawancara nu mangrupa hasil dina proses diajar-ngajar.

3) Pikeun panalungtik

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré gambaran ngeunaan kamampuh siswa dina ngawawancara ngagunakeun modé尔 *Strategi Modeling Berbasis Teks.*

4) Pikeun nu maca

Hasil ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahann pangaweruh pikeun nu maca ngeunaan *strategi* nu bisa dipaké dina pangajaran nyarita.

### 1.5. Raraga Nulis

Eusi pokok ieu skripsi téh aya lima bab. Dina bab I dipedar kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan sarta raraga tulisan nyusun skripsi. Dina bab II dipedar ngeunaan Ulikan Tiori, raraga mikir, jeung hipotésis panalungtikan. Dina bab III dipedar lokasi jeung sumber data panalungtikan, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, teknik ngumpulkeun data, jeung analisis data. Dina bab IV dipedar ngeunaan hasil panalungtikkan SMBT dina pangajaran wawancara pikeun siswa kelas VIII A SMP Pasundan 4 Bandung tur nguji hipotésis anu dirumuskeun dina bab I. Dina bab V dipedar ngeunaan kacindekan jeung rékoméndasi hasil panalungtikan.